



Pou Piblikasyon Imedya: 26/12/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DEMAND MTA POU BARYÈ TARIFÈ KI SEKIRIZE,  
AKSESIB EPI MODÈN POU SISTÈM METWO ALAVNI AN**

*Pwochè jenerasyon baryè tarifè yo vize amelyore aksesibilite estasyon yo epi  
konbat evazyon tarifè*

*Envitasyon pou Pre-kalifye apre modènizasyon gam tarif konplè ak baryè tarifè  
modèn nan estasyon Sutphin Blvd-Archer Av-JFK Airport*

**Gade deman enfòmasyon [isit la](#)**

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) ap chèche pre-kalifye founisè baryè tarifè sekirize, aksesib epi modèn pou deplwaye nan sistèm metwo Vil New York. MTA ap chèche ranplase ansyen griy tarifè li yo epi deplwaye nan fason estratejik pwochè jenerasyon baryè tarifè ki ale nan menm sans ak objektif Otorite a pou fè pwomosyon konfòmite ak tarif la ak prevansyon evazyon tarifè, amelyore aksè pou moun ki gen enfimite ak moun k ap itilize pousèt yo, epi amelyore eksperyans kliyan jeneral la. Demann enfòmasyon an se premye faz yon pwosesis akizisyon plizyè etap pou modènize baryè tarifè yo.

"Sekirite tout Nouyòkè yo se premye priyorite mwen," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouvo baryè tarifè sa yo ap amelyore sekirite ak askè nan sistèm Metwo a, pandan l ap asire pasaje yo gen plis fasilite pou antre, epi soti nan estasyon yo."

Evazyon tarifè te rive nan nivo kriz nan sistèm transpò an komen an, ak yon pèt 285 milyon dola nan revni akòz evazyon tarif nan metwo nan 2022 sèlman. Yon rekòmandasyon kle ki soti nan [rapò sou evazyon tarifè Komite Blue-Ribbon](#) MTA a se pou modènize baryè tarifè nan metwo a. An novanm, MTA a te ranplase yon gam tarif konplè nan estasyon Sutphin Blvd-Archer Av-JFK Airport avèk [baryè tarifè pou gran ale](#) ki pi sekirize epi pi aksesib apre yon pilòt nan sou estasyon metwo Atlantic Av-Barclays Center an mas 2023 ak Sutphin-Archer an avril 2023.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare,** "Lè nou reimajine griy tarifè a se yon solisyon ki sanse pa rapò ak ogmantasyon evazyon tarifè nan sistèm metwo a. Gen yon rezon ke li se youn nan pi bon rekòmandasyon ke Komite Blue-Ribbon lan te bay. Depi piblikasyon rapò Panèl la, MTA te pran yon seri mezi kont

evazyon tarifè a ki enkli enstalasyon pwototip baryè tarifè pou gran ale nan de estasyon yo. RFI sa ap ede nou mete bagay yo nan yon lòt nivo, kidonk nou ka asire ke chak moun k ap antre nan sistèm nan peyi pataj yo.”

**Prezidan Transpò Piblik Vil New York la, Richard Davey, te deklare,** "Pa gen anpil kesyon pou debat, evazyon tarifè a se yon pwoblèm. Nan metwo yo, nou pèdi apeprè 300 milyon dola an 2022 nan tarif ke nou depann de yo pou livre pi pon sèvis ki pi rapid. Kliyan yo di nou evazyon tarifè se faktè kle pou mank satisfaksyon yo, epi mwen konprann ke – chak moun ta dwe peye pati pa yo pou deplase nan transpò an komen. Baryè tarifè ki modènize se pwen depa natirèl pou metwo yo abòde pwoblèm sa. Menm si pa gen okenn solisyon global, nouvo modèl yo ka diminye kantite pasaje ki pa peye yo pandan y ap rann li pi fasil epi pi aksesib pou kliyan yo antre nan sistèm nan.”

**Prezidan Devlopman & Kontriksyon MTA a, Jamie Torres-Springer, te deklare,** "Premye ranplasman gam tarif konplè a nan Sutphin-Archer a te yon etap enpòtan nan modènizasyon tout sistèm pòtay tarifè a, k ap amelyore aksesibilite nan estasyon, epi lite kont evazyon tarifè a. Pwochen etap sa nan akizisyon an ap pozisyon MTA a pou investi nan gam tarif alavni yo.”

**Direktè Aksesibilite ak Konseye Prensipal MTA, Quemuel Arroyo, te deklare,** "Aksesibilite nan estasyon plis pase ajoute yon asansè oswa ranp nan estasyon an, sa konsène kapasite pou navige nan tout estasyon an nan fason ki transparan. Premye gam baryè konplè pou gran ale ki montre angajman nou pou reimajine estasyon yo ak aksesibilite nan premye plan nan lespri nou. Lè nou egzamine ki lòt modèl ak teknoloji ki disponib, nou ka avanse pi plis nan misyon nou pou aksesibilite inivèsèl, pandan l ap konbat evazyon fiskal la tou, yon lòt objektif kle ajans lan.”

**Vis Prezidan Prensipal Metwo, Transpò Vil NY (NYC Transit), Demetrius Crichlow, te deklare,** "Ane sa nou te egzamine divès modèl chanjman pou tounikè, alafwa akoutèm ak alontèm, pou konbat moun k ap antre nan sistèm nan san peye. Nan sezon prentan nou te pilote baryè tarifè nan gran ale nan fason estratejik nan Atlantic Ave-Barclays ak Sutphin-Archer. Leson yo te aprann de pwojè pilòt la rafine modèl la ak presizyon ki nesèsè pou sistèm nou an.”

**Ko-Prezidan sou Evazyon tarifè ak peyaj Komite Blue-Ribbon MTA a, Rosemonde Pierre-Louis ak Roger Maldonado te deklare,** "Nouyòkè yo merite baryè tarifè metwo modèn ki pi fasil pou tout moun itilize epi pi difisil pou tout moun evade. Piblikasyon Demann Enfòmasyon sa pou sektè a an 2023, se te yon rekòmandasyon kle komite nou an. Nou kontan anpil pou wè MTA bouje ann avan alè pou pwoteje kalite, sekirite, ak aksesibilite metwo ke nou depann de yo.”

Enstalasyon teknoloji baryè tarifè modèn nan refilete angajman MTA pou reimajine gam tarif yo nan sistèm metwo a, k ap amelyore aksesibilite, epi amelyore anviwònman estasyon an.

Nouvo baryè tarifè nan Sutphin Blvd-Archer Av-JFK Airport ranplase alafwa tounikè ak baryè soti ijans nan kot sid estasyon an, ki te yon gwo kontribitè nan evazyon tarifè metwo a. Modèl nouvo baryè tarifè nan tout ale yo pèmèt kliyan ki gen pousèt, chèz woulant, ak malèt yo antre fasilman nan sistèm nan, epi ranplase baryè sòti ijans ke yo te idantifye antanke yon gwo sous evazyon tarifè. Nouvo gam nan ap pèmèt MTA egzamine fezabilite pou mete nouvo baryè tarifè nan lòt estasyon yo alavni.

Atravè pwosesis RFI sa, MTA ap pre-kalifye baryè ki aplikab pou tabli yon Lis Pwodui Kalifye pou MTA pou pwochèn jenerasyon baryè tarifè yo. Konpayi ki enterese yo ta dwe soumèt pwodui ki pètinan ak lòt enfòmasyon sou fòm yon pwopozisyon.

### **Lòt mezi MTA te pran pou detounen evazyon tarifè jiska prezan**

Modènizasyon gam tarif nan estasyon metwo yo se sèlman youn nan anpil inisyativ ajans MTA yo antreprann depi piblikasyon rapò Komite Blue-Ribbon lan nan mwa me 2023. Depi lè sa, ajans MTA yo te pran mezi sa yo:

- 777 tounikè ki modifiye nan 95 gam tarif nan 42 estasyon pou anpeche kliyan yo retounen pase.
- Deplwaye 432 gad pòtay ki pa ame epi repwograme tout 1,620 seri a kle nan aksè sòti ijans yo.
- Lanse yon pwojè pilòt pou retade soti nan baryè sòti ijans yo pou dekouraje evazyon opòtinis yo.
- Zèl pou pilote tounikè yo pou dekouraje pasaje yo eseye sote tounikè yo.
- Deplwaye ekip NYC Transit EAGLE yo, avèk sipò NYPD, sant arè bis lokal ak Sèvis Bis Select (Select Bus Service, SBS) ki gen pousantaj evazyon tarifè ki elve.
  - Nan twa mwa ki pase yo, avèk aplikasyon ki sible nan twa sant, ekip EAGLE yo te gen plis pase 30,000 kontak kliyan ki enkli 14,240 kliyen yo te asiste avèk peman tarif, 4,017 avètisman vèbal ak 6,670 konvokasyon pou evazyon.
- Te kolabore avèk Vil New York nan sansibilizasyon sou Tarif ki Ekitab avèk mesaj dijital ki ranfòse ak lòt opòtinite enskripsyon nan evènman Transit Talk yo.
- Fòme patenarya ant Metro-North Railroad ak manm Sendika yo pou konsantre sou ogmantasyon koleksyon tarif kondiktè a ki itilize teknoloji videyo sou plas pou verifye epi korije pèfòmans lan.
- Lanse yon pwogram pilòt enspeksyon anvan enstale sou Long Island Rail Road (LIRR) ak Metro-North nan gwo sant nan Sant vil yo, Grand Central ak Penn Station. Ekip yo verifye tikè yo anvan kliyan yo monte pou dekouraje aktivasyon an reta tikè elektwonik yo ak moun k ap monte san yon tikè.
  - Jiska prezan toulede wout yo te fè de tantatif, ki te atenn plis pase 7,000 kliyan ki konfime yon kantite kliyan enpòtan ap monte san yo pa achte tikè anvan oswa aktive tikè elektwonik yo.
- Depatman Polis MTA a te anrejistre yon ogmantasyon 210 pousan nan arestasyon pou evazyon tarifè yo ak yon ogmantasyon 104 pousan nan

konvokasyon pou evazyon tarifè yo ant 2022 ak 2023, gras ak patwouy ranfòse nan tren yo ak patwouy nan estasyon metwo ki sitiye nan sant fewovye banlye yo.

- Pon ak Tinèl MTA te ranfòse efò yo pi plis pou reprime mokè yo ak deplwaman Lektè Plak Pòtab (Portable License Plate Readers), ki te ogmante lekti plak yo.
- Ant 1ye Jan. ak 15 Des. 2023, ofisye Pon ak Tinèl yo te entèsepte 2,718 veyikil – yon ogmantasyon 50 pousan pa rapò ak menm moman an nan ane 2022 epi te depase total 1,880 veyikil ke yo te entèdi antou an 2022. Ofisye Pon ak Tinèl yo te bay 2,933 konvokasyon tou pou plak ki kouvri oswa bouche depi kòmansman ane a.
- MTA planifye pou kowòdone ak NYPD pou ranfòse lit kont evazyon dwa peyaj yo pou tarif blokis la.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)

Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)